

**KEMULIAAN BAGI ALLAH DAN DAMAI SEJAHTERA DI BUMI**  
**(Bdk. Lukas 2:14)**

Kotbah Perayaan Natal Komisi Wanita Gereja dari GKJ Sukoharjo dan GKJ Nguter dalam bentuk drama yang dimainkan oleh Pendeta GKJ Sukoharjo dan Pendeta GKJ Nguter

Pesan yang ingin disampaikan ialah mengajak para ibu untuk melihat bahwa mereka tidak sendiri dalam menjalani kehidupan. Allah peduli pada mereka dan tidak pernah meninggalkan mereka. Oleh sebab itu melalui kelahiranNya ini para ibu diajak untuk membentuk harapan-harapan baru dalam hidupnya, pantang menyerah, dan selalu mensyukuri setiap kondisi dalam kehidupannya. Terlebih melalui kegiatan natal KWG ini, diharapkan para ibu bisa saling menuatkan, saling mensupport, saling memeluk, saling membawa energi positif, sehingga damai sejahtera Natal itu benar-benar dirasakan.

Dilakukan duet antara Pdt. Renny Woro dan Pdt. Widhewani dalam bentuk drama.

- Pdt. Renny Woro sebagai Mbok Woro penjual masakan yang galak
- Pdt. Widhewani sebagai Nduk Wani penjual jamu yang melow

*Percakapan dilakukan dalam bahasa Jawa*

**Mbok Woro**

*Musik Taman Jurug mulai dimainkan dan berhenti setelah liriknya .... Ngersakake nopo.....*

Ngersakake nopo mbak bu... Sega wonten, janganan nggih wonten....*(menawarkan dagangan)*

*(setelah saur-sauran dengan penonton / jemaat)*

Halah isone mung nyauri thok Mbok yo ditukoni ora mung sauran ae. Ora mesakake kene dodolan dewe, nggo nyukupi butuh. Katimbang mung nyauri thok mbok yo melu ngewangi nglarisi.

Tapi yo mbayar.... Ojo koyo wong-wong kae isone mung utang thok

Tapi yo pie, yen nyawang rupane yo mesakake tapi yen wes tak utangi kapan nyaure....

**Nduk Wani**

*Lagu suwe ora jamu mengiringi Nduk Wani keluar sambil menawarkan dagangan jamu*

Jamune mbak..... Monggo jamu nyilike awak, nipiske dompet .. *(menawarkan jamu dengan lesu)*

**Mbok Woro**

Heh.... kowe ki dodolan tenanan opo ora?!

Tak rungok-rungokake ket mau nawarke dagangan mung klemak-klemek! Yen caramu ngono kui sopo sing gelem moro! Kowe ki niat dodolan opo ora?!

**Nduk Wani**

Yo niat to mbok..... *(nada masih lesu)*

**Mbok Woro**

Yo yen niat ki sing tenanan neng nawarake, Jamu-jamu jamune... ojo malah klemak-klemek

**Nduk Wani**

Aku lagi duwe masalah mbok..... *(nada masih lesu)*

Bojoku wes ragelem mikir omah..... Duite dipek dewe Senengane lunga

Yen balik mung jaluk jatah karo duit

Mbiyen jik gelem dodolan jamu karo aku. Saiki kari aku sing dodolan jamu, gek yo ora mesti payu  
Sing ana malah aku meh dipek mantu.

Yo aku wegah Wong aku jik due bojo raketang wes rangenah.  
Gek pieeee ki, isoku yo mung dodolan jamu, tapi kok yo ra payu, payu  
Gek sasi desember iki mesti perlu duit okeh, go melu natalan ibu-ibu,  
tuku klambi, nukokake anakku kaos.....

### **Mbok Woro**

Heh..... meneng sik! ket mau mung ngoceh ae ora mandeg-mandeg.  
Opo mbok kira sing susah ki mung kowe?  
Opo anggepmu sing ditinggal bojo ki mung kowe.  
Aku yo wes ora duwe bojo! Aku yo dodolan go nyukupi anak-anakku.  
Sing koyo koe ki okeh yo, ditinggal mati bojone,  
ditinggal lunga bojone amarga gandeng karo wedokan liya,  
opo malah mung diganduli bojone wae,  
karepe sing wedok kon nyambut gawe sing lanang ongang-onggang neng omah  
Terus rumangsamu sing sengsara mung kowe thok.... Liyane jik okeh!

### **Nduk Wani**

*(Menangis meraung-raung)*

Aku mung pengen crita kok malah mbok getak-getak to mbok.....  
Kamu jahat..... *(sambil menangi)*

### **Mbok Woro**

Waduh..... lha kok malah nangis pie to ki  
Cup cup cup..... wes maemo sik ae nduk,  
sajake luwe ki,  
mungkin ket mau mung ngombe jamu thok yo ora wareg  
*(Memberikan piring ke Nduk Wani)*  
Pengen lawuh opo?

### **Nduk Wani**

Teponge ono mbok

### **Mbok Woro**

Teponge entek, kari siji mau dijupuk pak Edo

### **Nduk Wani**

Yo wes swiwi wae

### **Mbok Woro**

Swiwine kari balungan.Arep?

### **Nduk Wani**

Opo-opo kok entek, yo wes sambel ae

**Mbok Woro**

Sambel yo wes entek, iki lombok ae gelem,  
mbok mamah karo trasi mengko dadi sambel trasi

**Nduk**

Sego wae mbok, lha lawuhe wes entek kabeh

**Mbok Woro**

*(Mengambil nasi yang tinggal sedikit/ satu sendok)*

Kari iki

**Nduk Wani**

*(Menangis lagi meraung-raung)*

Yen entek ngene mbok rasah ditawarke  
Gene daganganmu laris, mbok jamuku tukonono

**Mbok Woro**

Daganganku pancen cepet larise tapi yo kui kadang mung dilarisi utang. Pie jal.

Nduk wong rekoso kui ora mung koe thok  
Aku yo podo karo awakmu, urip kerja dewe, bojone wes ora ono,  
anake butuh duit dagangan ora payu tapi malah mung diutangi  
Tapi opo terus-terusan digawe anyel

**Nduk Wani**

Lha kowe ki yo bodho kok mbok, mosok wong utang kok diladeni. Ojo gelem

**Mbok Woro**

Lha pie meneh, nyawang rupane wong-wong mau kok mesakake.  
Pengen maem tapi ra due duit

**Nduk Wani**

Tapi gantian awakmu sing bingung ora due duit, kui jenengan bodo

**Mbok Woro**

Yo iyo sih, tapi wes ora popo aku seneng iso ngewangi wong liya.  
Mengko lha rejeki yen wes jatahe lha yo moro

**Nduk Wani**

Yo ngono kui bodo

**Mbok Woro**

Heh, kowe kui ket mau mung nglelokake aku boda bodo ae,  
Rumangsamu kowe yo ora bodo

Rupa ayu, tur dagangan ra payu!

**Nduk Wani**

*(ekspresi menangis)*

**Mbok Woro**

Nangis!!! Mung diloke ngono wae nanggis.  
Dadi wong wedok ki sing bakoh ojo sitik-sitik sambat,  
sitik-sitik isone mung nangis  
Tunjukkan dirimu wong wedok sing kuat  
ora kalah karo kahanan tapi ngalahake kahanan

**Nduk Wani**

Atiku lagi rapuh mbok  
Disebul sitik ae mesti wes mrepel

**Mbok Woro**

Yo kudu kuat  
Ojo lali donga ben oleh kekuatan soko Gusti Allah

**Nduk Wani**

Halah...  
Aku bola-bali donga nganthi lambeku dedel  
tapi yo Gusti Allah ora tau mitulungi.

**Mbok Woro**

Sik... sik Paring pitulungan sing mbok karepke ki sing kepiye?  
Yen pengenmu reti-reti ono duit sakgepok tibo neng ngarepmu yo kui mustahal  
Pitulungane Gusti Allah ora ngono kui

*Adegan berikutnya Mbok Woro menjelaskan mengenai pertolongan Tuhan dan Penyertaan Tuhan dalam kehidupan manusia, terutama dengan kelahiran-Nya ke dunia*

*Sesekali Nduk Wani, membantah petuah dari Mbok Woro tapi pada akhirnya bisa memahami dan menerimanya sebagai semangat dalam hidup*

*(Ini menjadi inti Kotbah)*

**Nduk Wani**

Mbok matur nuwun ya wejangane, wes koyo pendeta

**Mbok Woro**

Selain kui mau yo, pesenku ojo ngadoh soko Gusti,  
yen minggu neng greja,  
yen ono PA yo melu

sokur-sokur gelem melu lelados.  
Kui kanggo atur panuwun amarga Gusti Allah tansah mitulungi kita

**Nduk Wani**

Aku ki ben Minggu yo neng greja lho mbok,  
tapi kok aku ra tau reti mboke neng kursi jemaat ya.

**Mbok Woro**

Wes... wes awan ayo mulih awake dewe yo selak nekani Natalan ibu-ibu to?

**Nduk Wani**

Tapi jamuku pie?

**Mbok Woro**

Sing sak gendul tak tukune yo  
Mugo-mugo iso go buka rejekimu

**Nduk Wani**

Walah matur nuwun ya mbok  
(memberikan satu botol jamu)

Wes ayo mbok, selak natalane mulai, lumayan madhang gedhen ki

*Mbok Woro dan Nduk Wani membereskan perkakas lalu keluar dari panggung lewat pintu depan dengan urutan Mbok Woro dulu lalu diikuti Nduk Weni sambil membawa dagangan dan menawarkan jamunya. Jamu.... Jamu....*